

E si mwen pa gen asirans sante?



Pou jwenn èd pou jwenn yon kouvèti asirans sante, ale sou nyc.gov/healthcoverage oswa rele **311**.

Pou jwenn èd pou jwenn depistaj kansè gwo trip ki gratis oswa ki bon mache:

- Rele **311** pou antre an kontak avèk yon lokal NYC Health + Hospitals.
- Rele Pwogram Sèvis Kansè Eta Nouyòk la nan 866-442-2262 oswa ale sou health.ny.gov/diseases/cancer/services.



Ki lòt bagay mwen kapab fè pou m pwoteje tèt mwen kont kansè nan gwo trip?



Men kèk bagay ou ka fè pou ede kenbe gwo trip ou an sante:

- Rete aktif fizikman.
- Manje plis fwi, legim ak grenn konplè.
- Manje mwens vyann wouj ak vyann ki transfòmè (tankou vyann frèt, vyann fimen, sosis, ak bekonn).
- Bwè mwens alkòl.
- Si w fimen, fè efò pou w kite fimen.
 - Ale sou nyc.gov/nycquits pou jwenn èd pou w sispann, diminye, oswa pou w rete san w pa fimen lè w vle sa.



Ki sa sentòm kansè nan gwo trip ye?



Si w gen nenpòt nan sentòm sa yo, kontakte pwofesyonèl swen sante w la. Pa rete tann pwochen tès despistaj ou a. Sentòm sa yo pa toujou vle di ou gen kansè. Pwofesyonèl swen sante w la kapab ede w konprann sa ki pa byen an. Si li vin tounen kansè, kòmanse tretman ap ba ou pi bon chans pou w geri.

- San nan pou pou ou oswa nan twalèt la apre w fin fè pou pou
- Pou pou ki sanble wouj fonsè oswa nwa
- Dyare oswa konstipasyon ki pa janm pase
- Yon chanjman nan fòm pou pou ou
- Yon sansasyon ke trip ou pa vid nèt
- Doulè nan vant ou ki kontinye tounen oswa ki pa disparèt
- Pèt apeti oswa pèt pwa san rezon aparant
- Santi w fatige oswa fèb nan fason ki pa nòmal




Rezon ki Fè Ou Ta Dwe Fè Tès Depistaj pou Kansè nan Gwo Trip

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou nyc.gov/health/coloncancer.

Ki sa kansè nan gwo trip la ye?



Kansè nan gwo trip (yo rele l tou kansè kolorektal) se yon kansè ki kòmanse nan gwo trip la (gwo entesten) oswa rektòm. Li souvan kòmanse ak ti boul oswa bòs yo rele polip ki grandi dousman pandan plizyè ane. Pifò polip pa kansè, men genyen kèk ki kapab vin tounen kansè. Yon fwa yon polip vin kansè, sa ka pran plis tan pou kansè a kòmanse lakòz pwoblèm sante. Lè ou kòmanse wè sentòm yo, kansè a anjeneral pi difisil pou trete oswa pou geri.



Ki sa tès depistaj kansè nan gwo trip la ye?



Tès depistaj kansè gwo trip se yon fason pou tcheke sante gwo trip ou, menm anvan ou gen sentòm. Se yon fason pou pwoteje tèt ou kont kansè nan gwo trip epi sa ka sove lavi w.

Depistaj pou kansè nan gwo trip gen de objektif:

1. Jwenn epi retire polip yo anvan yo tounen kansè.
2. Jwenn kansè a lè li toujou piti oswa nan premye etap li, konsa ou gen plis chans pou ou geri.

Ki moun ki ta dwe fè tès depistaj pou kansè nan gwo trip?



Nenpòt moun kapab gen kansè nan gwo trip, kidonk tès depistaj kansè nan gwo trip se pou **tout moun**.

Kilè mwen dwe kòmanse fè tès depistaj?



Pifò moun ta dwe fè tès depistaj pou premye fwa a 45 an epi kontinye fè depistaj jiska omwen 75 an. Moun ki gen plis chans pou yo fè kansè nan gwo trip ka bezwen kòmanse fè depistaj anvan 45 an.

Pou w ka konnen ki lè pou w kòmanse fè tès depistaj, pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou **faktè risk** ou genyen pou kansè nan gwo trip.

Faktè risk pou kansè nan gwo trip ogmante chans pou yon moun gen kansè nan gwo trip. Faktè risk ki ka afekte kilè ak konbyen fwa pou ou fè tès gen ladan:

- Kansè nan gwo trip oubyen polip lakay ou oswa lakay yon manm fanmi w
- Anflamasyon avèk ilsè nan gwo trip oswa maladi Crohn
- Yon sendwòm ou te erite tankou sendwòm Lynch oswa polip adenomate familyal
- Fibwoz Sistik
- Tretman pou nenpòt kansè avan 40 an

Dyabèt tip 2, konsomasyon alkòl, ak itilizasyon tabak se lòt faktè risk pou kansè nan gwo trip tou.



Konbyen fwa mwen dwe fè tès depistaj la?



Konbyen fwa ou dwe fè depistaj pou kansè nan gwo trip la depann de ki tès depistaj ou itilize:

- Yon **kolonoskopi** dwe fèt chak 10 an. Si ou gen faktè risk, mande pwofesyonèl swen sante w si ou bezwen fè yon kolonoskopi pi souvan.
- Yon **tès pou pou** dwe fèt chak youn rive twa zan, sa depann de ki kalite tès ou fè.

Ki tès depistaj mwen ta dwe fè?



Kolonoskopi ak tès pou pou se tès depistaj ki pi komen yo. Pwofesyonèl swen sante w la ka ofri lòt tou. Pale ak pwofesyonèl swen sante ou konsènan ki vaksen k ap bon pou ou:

- **Kolonoskopi:** Yo pral ba w medikaman pou fè w dòmi (sedasyon). Apre sa, yon pwofesyonèl swen sante ap sèvi ak yon tib ki gen yon ti kamera nan bout li pou gade anndan gwo trip ou, tcheke si gen kansè, epi detekte ak retire polip. W ap bezwen suiv yon rejim alimantè likid epi pran medikaman pou netwaye gwo trip ou anvan yon kolonoskopi.

- **Tès pou pou:** W ap sèvi ak yon twous espesyal pou pran yon echantyon pou pou lakay ou, epi apre sa w ap voye twous la tounen pou yo fè tès la. Si rezilta ou yo pa nòmal, w ap bezwen fè yon kolonoskopi swivi. Tès pou pou yo se yon opsyon pou moun ki pa gen gwo risk pou yo fè kansè nan gwo trip.

Kèlkeswa fason ou fè depistaj la, asire w ou jwenn rezilta w yo. Si rezilta ou yo pa nòmal, swiv enstriksyon pwofesyonèl swen sante ou pou sa pou ou fè apre sa.

Èske asirans sante kouvri tès depistaj la?



Pifò plan asirans, tankou Medicaid ak Medicare, kouvri tès depistaj kansè nan gwo trip. Pou anpil moun, yo p ap gen okenn depans pou yo peye ak kòb pòch yo.

